O'ZBEKISTON RESPUBLIKASI MADANIY MEROS AGENTLIGI

# BERDAQ PORTRETI-XUDOJNIK SHEBERLIGINIŃ JOQARI ÚLGISI

**B.Saburova,**
*Qaraqalpaqstan Respublikası tariyxı*
*hám mádeniyatı mámleketlik muzey ilimiy xızmetkerleri*

**R. Dauenova,**
*Qaraqalpaqstan Respublikası tariyxı hám mádeniyatı*
*mámleketlik muzeyi jetekshi qániygesi.*

DOI: https://doi.org/10.5281/zenodo.19604313

**Annotaciya.** *Maqalada qaraqalpaq súwretlew óneriniń kórnekli wákili Q.Berdimuratovtiń dóretiwshilik jolı, shıǵarmashılıq izlenisleri hám milliy kórkemlik dástúrlerdi rawajlandırıwdaǵı ornına ilimiy analiz berildi. Avtordıń shıǵarmalarında xalıq turmısı, milliy obrazlar sisteması, ruwxıy qádriyatlar hám tarixıy shaxslar obrazınıń kórkem sheshimi ayrıqsha orın aladı. Maqalanıń tiykarǵı bólimi suwretshiniń “Berdaq portretine” arnalǵan bolıp, shıǵarma kompoziciyası, reńler gamması, plastikalıq sheshimi hám obrazdıń psixologiyalıq tereńligine ilimiy analiz berildi.*

**Tayanısh sozler:***Xudojnik, Berdaq, reńler, jivopis, duwtar, kompoziciya, súwretlew óneri.*

**Annotation.** *The article provides a scholarly analysis of the creative journey, creative explorations, and role of K. Berdimuratov, a prominent figure in Karakalpak fine arts, in the development of national artistic traditions. In the author's works, a special place is occupied by the life of the people, the system of national images, spiritual values, and the artistic solution of the image of historical figures. The main part of the article is dedicated to the artist's “Portrait of Berdakh”, and a scientific analysis is given of the composition of the work, the color scheme, the plastic solution, and the psychological depth of the image*

**Keywords:** *Artist, Berdaq, colors, painting, dutar, composition, fine art.*

Adamzat tariyxında qorshaǵan ortanı súwretlew arqalı uǵıw,eń áyyemgi dáwirlerden, jartastaǵı tańbalardan baslanadı.Oraylıq Aziya sonıń ishinde Ózbekstan menen Qaraqalpaqstan kórkem ónerinde súwretlew óneri dástúrleri ózine tán evolyuciyalıq joldan ótti.Áyyemgi Afrasiab diywal súwretleri,jáne Varaxsha esteliklerindegi sheber kompoziciyalar ata-babalaramızdıń súwretlew mádeniyatınıń qánshelli joqarı bolǵanın dálilleydi.

XIX-ásirdiń ekinshi yarımınan baslap qaraqalpaq jeriniń tábiyatı, xalqınıń turmısı súwretlew iskusstvosınıń obekti bola basladı.Hár túrli ekspediciyalar menen kelgen rus xudojnikleri óziniń súwretleri arqalı qaraqalpaq elin Rossiyaǵa, Evropaǵa tanıstırdı.Qaraqalpaqstanda súwretlew iskusstvosı dáslep klublardaǵı oyınlarda,spektakllerdi bezewge ǵana aralastı.Bul jılları Qaraqalpaqstanda bilimi bar birde bir xudojnik bolmadı, sonlıqtan talantlı jaslardı tárbiyalaw,oqıtıw jumısı kópke deyin qolǵa alınbay keldi.

Qaraqalpaqstanda súwretlew iskusstvosı rawajlanıwınıń dáslepki adımları da teatr iskusstvosı menen,oyın menen tıǵız baylanısta boldı. Qaraqalpaqstanda súwretlew iskusstvosınıń rawajlanıwına tuwısqan ózbek xudojnikleri bárqulla járdem etip kiyatır. Biziń xudojniklerimizdıń bári derlik Tashkenttegi arnawlı oqıw

orınlarınan bilim alıp shıqtı. Urıstan sońǵı jılları,Nókiste arnawlı bilim alǵan xudojnikler isley basladı. F.Madgazin, A.Biryukov, N.Grinev, I.Mikulickiy, A.Lazko, 1950-jıllardıń aqırına deyin Qaraqalpaqstan súwretlew iskusstvosınıń kelbetin kórsetip keldi. Xudojnik hám jurnalist A.N.Ignatev respublikalıq gazetalarda súwret iskusstvosın propogandalap bardı.

1955-jılı Nókiste xudojestvolıq óndirislik masterskaya ashılıp,bul barlıq tvorchestvolıq kúshlerdi biriktiriwge,respublikada dekorativlik-bezew jumısların rawajlandırıwǵa sebep boldı.Tashkentte ashılǵan kórgizbede B.Kamenov, F.Madgazin,I.Mikulickiy, N.Korolev,N.Ignatevtan basqa,Moskvadan kelip islep atırǵan xudojnik I.V.Savickiy Benkov atındaǵı Tashkent xudojestvolıq uchilishesiniń studentleri K.Berdimuratov,Q.Saypov qatnastı.

Ájayıp sániyatımızdıń qayttan tikleniwine hám onı jańartıp, súwretlew ónerimizdiń negizin salǵanlardıń biri Qaraqalpaqstan xalıq xudojnigi Respublikalıq Berdaq atındaǵı sıylıqtıń laureatı Q.Berdimuratov óziniń tvorchestvolıq qádemin "Qaraqalpaqstan" baspasında kitaplarǵa kórkem bezew hám illyustraciyalar islewden basladı. "Máspatsha", "Er ziywar", "Bozuǵlan", "Sháryar" hám "Alpamıs" dástanlarınıń muqabasına hám hár babına arnalǵan epizodlardı qaraqalpaq xalqınıń milliy naǵısları menen bezedi. [1, B. 40-41] K.Berdimuratov-kitap illyustratorı, sonıń ishinde ol skulpturalıq, jivopislik shıǵarmaları menen de belgili. Q.Berdimuratov kobinshe xalıq dastanların,erteklerin illyustraciyalaydı.Kitaptı kórkemlep bezewde onıń qáliplesken tvorchestvolıq usılı,óz stili bar. Folklorlıq shıǵarmaǵa K.Berdimuratov xalıq nagısınıń elementlerin barqulla paydalandı. K.Berdimuratovtıń jumıslarında usı tradiciyaǵa umtılıw seziledi.

1967-jıl ótken kórgizbede K.Berdimuratov basqasha stilde hám texnikada islegen jumıslar menen qatnastı.Kompoziciya qurıwdag janalıǵı- hár waqıtta bolǵan waqıyanı bir ret qaǵazǵa biriktiriw. Bul usılı "shıǵır" degen grafikasında kushli effekt bergen. K.Berdimuratovtıń diapazonı keń xudojnik ekenligin súwretlew iskusstvosınıń grafika, skulptura hám jivopis janrlarında dóretken shıǵarmalarınan da kóriwge boladı.

Xudojnik-skulptor KQ.Berdimuratov respublikamızdıń súwretlew iskusstvosınıń rawajlaniwin keń túrde propagandalawshısı da bolǵan. Q.Berdimuratovtıń skulpturalıq shıǵarmalar dóretiwi 1960-jıllardan baslandı.Birinshi skulpturalıq jumısı qaraqalpaq xalıq shayırı A.Muwsaevtıń yubileyine baǵıshlanǵan. "A.Muwsaev" byusti gipsten jasaldı. K.Berdimuratov xayal-qızlar obrazın dóretiwde de bir qansha miynetler isledi.Ol T.Qayıpbergenovtıń "Qaraqalpaq qızı"romanınıń tiykarında Jumaguldiń obrazın dóretti.JaziwshiT.Qayıpbergenovtıń "Qaraqalpaq dástanı" trilogiyasınıń "Mamanbiy"romanındaǵı,Omar shayırdıń Abbaz Dabılovtıń IbraimYusupovtıń qosıqlar toplamındaǵı illyustraciya hám milliy naǵıslar K.Berdimuratov qálemine tiyisli. K.Berdimuratovtıń kórkem shıǵarmadaǵı mazmunǵa tiykarlana otırıp bas qaharmanlarga obraz jasay biliw uqıbınıń ayrıqsha ekenligin atap ótiw orınlı.Xudojnik-skulptor K.Berdimuratov respublikamızdıń suwretlew iskusstvosınıń rawajlaniwin keń túrde propagandalawshısı da bolǵan.

K.Berdimuratov sızǵan birqansha epizodlar Ukrainada bolıp ótken kórgizbege qoyılıw húrmetine miyasar boldı. K.Berdimuratov grafika tarawında jemisli islew menen birge jivopis janrlarında da birqansha iri shıǵarmalar dóretti. [2, B.45-46] K.Berdimuratov qaraqalpaq klassik shayırlarınıń obrazın jasawǵa kóp kewil bólip kiyatır. Bular monumentallıq xarakterdegi "Berdaq portreti" (1985-j) "Ájiniyazdıń portreti" (1985-j) "Kúnxojanınıń portreti" (1946-j) bolıp, bular xudojniktin qolǵa kirgizgen úlken tabıslarınan.Kópshilikke málim 1977-jılı Berdaqtıń 150-jıllıǵına xudojnikler arasında Berdaq portretine jarıs-konkurs ótkiziledi. Bul jarısta Q.Berdimuratov islegen,súwret maqul bolıp ol kisige buyırtpa berildi.Buyırtpada teatrdıń burınǵı bas xudojnigi Boris Dmitrovich Kamenovtıń «Qara úyi shindegi Berdaq» kartinası negizinde islenedi.Kóp dúzetiw,oylasıwlardan keyin Q.Berdimuratov islegen Berdaq portreti tastıyıqlanıp-túp nusqa bolıp qaladı.

Berdimuratov tárepinen jaratılǵan bul kartina-Qaraqalpaqstan Respublikası tariyxı hám mádeniyatı mámleketlik muzeyi zalınan orın alǵan. Dunyaǵa belgili ullı jazıwshı Sh.Aytmatovtıń bul yubileyge qatnasqanı hám Q.Berdimuratov islegen bul jumısqa úlken baha bergeni hámmeni quwandırdı. Házir dúnyanıń barlıq jerinde Berdaqtı usı portret nusxa arqalı tanıydı.

**1.Reńler palitrası hám kolorit**: Shıǵarmada reńler tańlawı shayırdıń ishki dúnyası hám milliy ózligin ashıp beriwge xızmet qılǵan. Aspan kók (kók)-kiyim.Portret orayında shayırdıń ruwxıy jetilisken-danıshpanlıǵın sáwlelendiredi. Bul reń kózge taslanıp,tamashagóy dıqqatın shayırdıń tulǵasına qaratadı. Toyǵın qızıl hám qońır reń: Shayırdıń jelkesindegi shapan jane gilemdegi naǵıslardaǵı reńler úrp-ádetlerge sadıqlıqtı hám kúshli ruxıyattı ańlatadı. Altın- sarı hám qońır fon: Otawdıń ishki tárepi(kerege) hám saz áspabı (duwtar) toyǵın qońır tonlarda islengen bolıp, bul watan mexirin, shańaraq ullılıǵın jáne de dóretiwshilik ortalıqtı bildiriwshi belgi retinde sáwlelendirgen.

**Piramidalı kompoziciya**:Shayırdıń jaylasıwı jáne gewdesi úshmúyesh (piramida) formasın esletedi.Bul kórkem ónerde bekkemlik hám ullılıq belgisi.Onıń bir qolında kitap,ekinshi qolında qálem uslap otırǵanı-onıń sóz zergeri ekenligine,belgi sıpatında kórsetilgen.

**Kitap hám qoljazba**: Onıń ilim-pán hám aǵartıwshılıq penen shuǵıllanǵanın kórsetiwshi tiykarǵı belgiler (atributlar).

Shıǵarma tariyxıy portret janrına tiyisli bolıp, onda realizm dástúrleri ayrıqsha sheberlik penen qollanılǵan. Xudojnik shayırdıń júz dúzilisindegi hár bir sızıqqa,saqal-murtlarına hám qaraslarındaǵı ishki tolǵanıslardı kórsetiwge shekem esapqa alǵan. Xudojnik shayırdıń sırtqı kórinisin sızıwda hár bir mayda detallarga-júz sızıqlarına saqal-murtlarınıń túsine, kiyimindegi hár bir naǵıs qatarlarınıń jaylasıw tártibine shekem ayrıqsha itibar qaratqan. Bul obrazdın turmıstaǵıday janlı shıǵıwın támiynlegen.

**Názer hám xarakter**:Shayırdıń qarası tuwrıǵa emes,bálkim biraz qaptalǵa qaratılǵan.Bul usıl onıń ishki tolǵanısların,danalıǵın hám keleshekke bolǵan úmitin kórsetip turadı.

**Reńler gamması**: Súwrettegi reńler tańlawı basıńqı hám salmaqlı, jıllı reńlerdiń qollanılıwı shayır obrazına nurlılıq bağıshlap, onıń ruwxıy dúnyasınıń baylığın súwretleydi.

Jaqtılıq hám saya: Jaqtılıqtıń beriliwi arqalı shayırdıń bet álpeti anıqlastırılıp, bul portrettiń salmaqlılığın arttırıp, oğan monumentallıq tús beredi. Bul tariyxıy portret tek ǵana adamnıń sırtqı kórinisin emes,al onıń dáwirin hám jámiyettegi ornın da ashıp beriwge xızmet etedi.

Juwmaqlap aytqanımızda Q.Berdimuratov tárepinen jaratılǵan Berdaq shayır portreti-bul ápiwayı súwret emes,al qaraqalpaq xalqınıń ruwxıy dúnyasın,ótmishin hám milliy maqtanıshın jámlegen kórkem shıǵarma. Bunnan basqada Q.Berdimuratovtiń etnografiyalıq janrdağı sheberligin dálilewshi shıǵarmaları muzey ekspoziciya zalınan orin alǵan.Bul kartinalar tek ǵana kórkem shıǵarma emes,al qaraqalpaq xalqınıń tariyxıy qadriyatların saqlap qalıwshı derekler xızmetin de atqaradı. Xudojnik bul shıǵarmaların, qaraqalpaq xalkınıń ásirler dawamında qaliplesken mádeniyatın, hám úrp-ádet dásturlerin tereń izertlew tiykarında dóretken.Berdimuratovtıń etnografiyalıq kartinalardağı reńler gamması judá tabiyiy.Ol jergilikli tábiyatqa tán bolǵan topıraq reń,ashıq kók aspan hám milliy kiyimlerdegi qızıl-jasıl reńlerdi sheber uyǵınlastıradı.Xudojniktiń shıǵarmaları muzeyge keliwshiler ushın ótmishke sayaxat sıpatında xızmet etedi.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**

1. Aǵınbay Allamuratov “Qaraqalpaq iskusstvosınıń tariyxınan
2. Ámiwdarya jurnalı.№11.1987 Xudojnik-skulptor
3. B.Bochin. «Qaraqalpaq xalıq óneri hám onıń qáwenderi» Ámiwdarya jurnalı. №1 1970
4. Choriyev Anvar “Renessans davri” 2015